пәсейиўине алып келеди. Соның ушын оқыўшылардың қызығыўшылығын арттырыўда, алған теориялық билимлерин әмелиятта қоллай алыў көнликпелерин раўажландырыўға өзбетинше тапсырмаларды қалайынша орынлатыў үлкен жәрдем береди. Өзбетинше тапсырмаларды оқыўшыларға қалайынша орынлаўы кереклигин үйретиў арқалы ийелеп атырған билимлерин тереңлестирген, өзбетинше анализлеў хәттеки жуўмақ шығара алыў көнликпелерин қәлиплестириў заман талабы болып оларды бүгинги халықаралық баҳалаў бағдарламасы бойынша таярлаған болар едик.

**Әдебиятлар**


1. "Ўзбекистон Республикаси Халқ таълими тизимини 2030 йилгача ривожлантириш концепциясини тасдиқлаш тўғрисида"ги 2019-йил 29-апрельдаги №ПФ 5712 сонли фармони.
2. Мўминов О."Тәбийий география таълими методикаси" Т-1976
3. СоатовА., Абдулқосимов А., Миракмалов М. "География" 6-класс окыўшылары ушын сабақлық. –Т.: 2017.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада умумий ўрта таълим мактаб ўқувчиларининг ижодий тафаккурини ривожлантириш учун мустақил ишлардан фойдаланишнинг аҳамияти муҳокама қилинади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается важность методики использования самостоятельных работ для развития креативного мышления учеников средних школ.

**SUMMARY**

This article is about the importanse of using methods of individual work for develoving creative thinking of secondary schools pupils.


## KISHI JASTAǴÍ BALALARDÍŃ KÓRKEMLIK XÍZMETIN RAWAJLANDÍRÍWDA ERTEKLERDIŃ ÁHMIYETI


**L.Ibragimova** - *assistent oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar:** ertak, janr, syujet, kichik yoshdagi bolalar, ertak mazmuni.

**Ключевые слова:** сказка, жанр, сюжет, маленькие дети, сказочный контент.

**Key words:** fairy tale, genre, plot, young children, fairy tale content.


Ertekler awızeki xalıq dóretpeleriniń eń bay janrlarınıń biri. Erte zamanlarda hár qıylı bolǵan, bolmaǵan, endi bolatuǵın waqıyalardı xalıq ishinen shıqqan talantlı sheshen, dilwar adamlar ertek etip dóretken. Ertekti atqarıwshılardı– ertekshiler dep ataǵan. Ertekshililik te burınǵı ótken zamanlarda úlken kásip iyesi esaplanǵan. Ertekti toqıw ushın da, onı sulıwlap, túsigine deyin qaldırmay aytıw ushın da ayrıqsha tábiyǵıy talant kerek. Eger ertekti qızıqlı etip aytıp, sóylep bere almasań, seniń aytıp berip atırǵan waqıyań qızıq bolmaydı, sulıw sánli bolıp shıqpaydı da. Onı aytqan ertekshiler – haqıyqat oratorlar, sheshenler bolǵan. Onı aytıwdaǵı dawıs, til, hár qıylı ónerli qıymıllar, ses tolqınları, qaratpa sózler, tıńlawshınıń jan sezimin oyatpasa, ol adamdı ertekshi yaǵnıy sheshen, orator dep tilge almaǵan. Ertekshilerdi jıraw, baqsı, qıssaxan izlegendey awılma-awıl izlep, tawıp alıp ertek ayttıratuǵın bolǵan. Ertekshiler mektepleri bolǵan. Olar ustaz-shákirt bolıp bir-birinen erteklerdi úyrenip, onı kásip etip júrgen jigitler, geyde hayallar da bolǵan. Hátteki, ertekshilerdi jıynap, jarıstırıp ayttıratuǵın da bolǵan. Solardıń eń aytqıshların xalıq óz átirapına jámlep, bos waqıtlarında ertek ayttırıp dem alǵan.

Ertektiń dóreliw ásirleri uzaqta. Hátte, biziń eramızdan burınǵı ásirlerde payda bolǵan bolsa kerek. Folkloristler payda bolıw, aytılıw dáwirlerin belgili bir ásirge taqap aytalmaydı da "Ertekler áyyem zamannan berli payda bolıp, dóretilip, taralıp hám aytılıp keledi", -dep kórsetedi. XI ásirde jasaǵan túrk tilles xalıqlardıń eń talantlı tilshi mamanı Maxmud Qashqariy ertek sóziniń mánisi: "Haslı bir nárseni áńgime qılıwdan alınǵan" [1:98], - dep kórsetedi. Sonlıqtan da ertek degen atama erterekte payda bolǵan, belgili bir dáwirde turmısta bolǵan yamasa xalıq ármanı, tilegi, oylawı boyınsha bolar-aw dep árman etken waqıyaları, belgili bir syujetke qurılǵan, obrazlı mánige iye nárse. Waqıyalardan qurılǵan uzaq yamasa jaqın háreketli waqıyalardı bildiretuǵın awızeki prozalıq shıǵarmalar esaplanadı. Erteklerde uzaq waqıyalarda qısqa syujetli waqıyalarda orın ala beriwi múmkin. Ol avtordıń yaki aytıwshınıń sheberligine túp-tiykarınan ǵárezli bolatuǵını tábiyǵıy.

Hár bir ertektiń óz mazmunı bar. Onı shıǵarıwshılar qanday da bir bolǵan – bolmaǵan maqsetlerdi niyet etip shıǵarǵan. Bálkim birinshi ertek bolıp dóretilgen waqtında ápiwayı jay waqıyalarǵa say dóregen bolıwı itimal. Biraq ol ertek aytıwshı xalıq wákilleri arqalı bir neshe ásirler dawamında qayta islenip, talay sheshenler, aytqıshlar eleginen ótken. Mazmunı da, ideyası da, baǵıtı da biraz keńeygen yamasa tarayǵan da bolıwı múmkin. Atadan balaǵa ótip bizlerdiń zamanımızǵa deyin jetip kelgen.

"Altın tawıq" degen ertekte adamnıń haywan, haywannıń adam bolıwı, shóptiń járdemi menen adamdı tiriltiw, peri qızları hám t.b. haqqında sóz boladı. Bir baydıń bir hayalınan Asan, Úsen, ekinshisinen Esen degen balalar tuwıladı. Ákesiniń júzimin jegen qustı balalar izleydi. Bunı qasqırdıń járdemi menen Esen tabadı. Esen qasqırdıń járdemi menen qasqır birde at, birde qız, birde sur tulpar bolıp periy qızın tabıwǵa járdem beredi. Patshanıń tapsırmasın orınlap qaytıp kiyatırǵanda bayaǵı aǵaları Esendi qızǵanıp onı óltiredi. Qasqır dostı káramatlı shóp penen Esendi tiriltip muradına jetkeredi.

Solay etip, joqarıda qısqasha kórip ótken hár bir ájayıp hádiysler haqqındaǵı erteklerdiń mazmun, ideyasına kóz juwırtqanımızda, adam qıyalınıń sheksiz ekenligi birden kewilge túyiledi. Adamda qansha dárejede árman, qıyal, úmit, oy, talǵam, ushqır párwaz bar. Tiykarında, adam ańsaǵan turmıs haqıyqatlıǵı jatadı da, ármanlar asıwı párwaz etip turmıslıq oylardı ne degen adam qıyalı, oyı jetip bilmeytuǵın tilsimli zatlar arqalı sol kúsegen ármanların orınlattırıp beredi. Hár bir ertek hayran qalarlıq ájayıp hádiyselerge tolı. Bil tiptegi erteklerdiń mazmunı da, obrazları da, qurılısı da ózine tán ózgeshelikleri menen ayrılıp turadı.

Solay eken, turmıs erteklerinde aqıllılıq penen aqmaqlıq, tapqırlıq penen topaslıq, ádillik penen zulımlılıq, jaqsılıq penen jamanlıq, tuwrılıq penen urlıq hám t.b. adam ómirinde ushırasatuǵın unamlı hám unamsız qásiyetlerdiń turmıstaǵı duwshar bolıwı tuwralı sóz etedi. Mıs: "Jaqsılıq qılsań ózińe, jamanlıq qılsań ózińe" degen ertektiń waqıyasın kóz aldımızǵa keltireyik. Bir hayal eldegi danıshpan adamǵa barıp, onnan "Birewge birew jaqsılıq qılsa ne qıladı?, -dep soraptı. Sonda danıshpan – "Jaqsılıq qılsań ózińe" dep juwap beripti. Onnan soń hayal taǵı danıshpannan – "Bir adam, bir adamǵa jamanlıq qılsa ne boladı?", -dep soraptı. Turmıs erteklerinde ádillik teması hámme nárseden ústem turadı. Ulıwma ertek atawlısında ádillik – olardıń baslı uranı. Haqıyqattan da dúńyaǵa shıǵıp jasap atırǵan hár bir adam ádillikti kúseydi. Hátte, ádilsizlik túr bildirgen adamda ádillik dep ah urıp, "meniń isim ádil, hár kim mendey etip ádillik islese", –dep gáp aytadı. Biraq onıń menen hámme anıq ádillik shoqqısında jasay almaydı. Gey birewlerdiń islegeni ádilsizlik bolsa da, tili "ádilmen" dep lepirip turadı. Adamdaǵı, jámiyettegi, el basshılarındaǵı

ádillikti ápiwayı xalıq bahalaydı. Tildi jiberseń qayda ketpeydi. Biraq, bári ólshemli. Onıń uzın-keltesin ortalıq sheship bahalaydı. Burın da, házir de ádillikke bas iymeytuǵın adam joq. Ózi ádil bolmasa da ádillikti kúseydi. Ádil bolǵısı keledi. Átteń… bola almaydı.

Erteklerde de ádillik teması baslı másele. Mısalı: "Ádil patsha" erteginde Ádil atlı balanıń xannıń qızın alıp, onıń jurtınıń yarımın soraǵanı, aqıllı, ádil, tóreligi menen keyninen xannıń barlıq eline, jurtına basshılıq etkeni sóz etiledi. Ádil patshanıń kárwannıń hakısın, ǵarrınıń qunın tórelik etip ádil sheshiwiniń ózinde qansha dárejede patshanıń haqıyqıy ádilligin kóremiz.

Mine, joqarıdaǵıday turmıslıq faktler qaraqalpaq erteginiń "Turmıs haqqındaǵı" erteklerinde kóplep kóriwge boladı. Hár bir ertektiń mazmunına, ideyasına, kompoziciyalıq qurılısına qaray onıń baslanıwı, waqıyanıń rawajlanıwı yaǵnıy shiyelenisiwi, sheshiliwinde juwmaqtı kútip otırasań. Hár bir ertektiń ózine tán ózgeshelikleri bar.

Erteklerdi aytıwshılar jeke óziniń talantına, sóz sóylew sheberligine qarap hár qıylı baslap, hár qıylı aytıp, hár qıylı muqamda tamamlaǵan. Kóbinshe "Burınǵı ótken zamanda, sol zamannıń qádiminde" dep baslaytuǵın bolǵan. Juwmaqlaǵanda da "Áne, usılay murad-maqsetine jetedi" yaki "Sońı usınıń menen pitedi, tamam boladı, áne tamam" degendey sózler qollanılǵan.

Sheshenlik (oratorlıq) óneri erteklerde ayrıqsha orın tutadı. Ertekti dóretiwshiler qanday sheberlik penen onı dóretken bolsa, onı tıńlawshılarǵa aytıp beriwshi sheshen avtordan da bes-beter talantlı insanlar bolǵan. Sonlıqtan da bolıwı kerek, geypara erteklerdiń dóregenine bir neshe on ásirler bolsa da qunın joyıtpaǵanın kóremiz. Olardıń bizge jetip keliwinde sheshen, dilwar, qatıqulaq, shayır, jıraw, baqsı, qıssaxanlardıń, xatkerlerdiń qosqan úlesi oǵada ullı.

**Ádebiyatlar**

1. Maxmud Qashqariy. Devonu Lug'atit turk. -T.: 1 Том, 98-b.

**REZYUME**

Moqolada kichik yoshdagi bolalarning badiiy xizmatini rivojlantirishda ertaklarning ahamiyati haqida so'z boradi. Ertaklarning paydo bo'lish tarixi, ularning bolalar hayotidagi roli haqida qisqacha to'qtalib o'tilgan va ertaklardan misollar keltirilgan.

**РУЗЮМЕ**

В статье рассматривается роль сказок в развитии художественного восприятия маленьких детей. Кратко описана история сказок, их роль в жизни детей, приведены примеры из сказок.

**SUMMARY**

The article discusses the role of fairy tales in the development of the artistic perception of young children. The history of fairy tales is briefly described, their role in the life of children, examples from fairy tales are given.

## BASLAWÍSH KLASS OQÍWSHÍLARÍN KITAP OQÍWǴA QÍZÍQTÍRÍW BARÍSÍNDAǴÍ WAZÍYPALAR

**Z.U.Ilyasova** - *assistent oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** boshlang'ich sinf, mustaqil kitob o'qish, qiziqtirish usullari, vazifalar.
**Ключевые слова:** начальный класс, самостоятельно заинтересоваться чтением, методы привлечения, задача.
**Key words:** the primary class, to be interested in reading independently, methods of involvement to reading, task.

Ǵárezsiz elimizdiń alǵa ilgerilep atırǵan dáwirinde bilimlendiriw baǵdarında ilim, texnika, texnologiya, ekonomika hám mádeniyatta qatar jetiskenliklerge erisildi. Xalıq bilimlendiriw sisteması aldıńǵı baǵdar dep járiyalandı. Bilimlendiriw haqqında Nızam, jetik kadrlardı tayarlawdıń Milliy baǵdarlaması turmısqa engizildi. Milliy pedagogikamız benen milliy tárbiyamızdıń jámiyetlik áhmiyeti arttı, jas qánigelerdi zaman talabına ılayıq tayarlap shıǵarıwǵa talap kúsheydi. Respublikamızda miynet bazarı hám básekeli ortalıq qáliplesti.

Húrmetli Birinshi Prezidentimiz I.Á.Kárimov 1997-jılı 29-avgustta Ózbekstan Respublikasınıń Oliy Májlisiniń toǵızınshı sessiyasında sóylegen sózinde: «Bul muqaddes topıraqtaǵı hár bir adam barlıq ómiri dawamında óziniń balaların sawatlı, miyrimli etip ósiriw ushın, olardıń baxıtlı hám tabıslı bolıwın kóriw ushın bar kúshin ayamay miynet etedi hám gúresedi. Balaǵa jaqsı at qoyıw, jaqsı muǵallimniń qolına tapsırıw, bilim-sawat hám óner beriw, úylendiriw hám olarǵa turaqjay salıwdı ózleriniń parızı hám wazıypası dep esaplaydı»- degen edi. Mine, usı biybaha dástúrlerdiń qaytadan tuwılıp, ómirimizge tereń eniwine ǵárezsizlik tiykar boldı hám oǵan qolaylı jaǵdaylar dúzildi.

Birinshi Prezidentimiz I.Á. Kárimovtıń baslaması menen dúzilgen, Ózbekstan tariyxında óshpes iz qaldıratuǵın «Kadrlardı tayarlawdıń milliy baǵdarlaması» hám «Tálim haqqında»ǵı nızamınıń eń áhmiyetli maqseti shaxstı, yaǵnıy insandı, ózinen óshpes iz qaldıratuǵın tulǵanı tayarlawdan ibarat. Demek, bul aldımızǵa qoyılıp atırǵan wazıypa ulıwma tálim mekteplerinde oqıytuǵın hár bir oqıwshını ózinshe pikirlew qábiletine, ózinshe sheshim qabıl etiw múmkinshiliklerine iye, alǵan bilimin óz isinde biymálel mardana qollanıw uqıbına iye, Nızamǵa sadıq, ózi biletuǵın, ózi tabatuǵın, ózi biyleytuǵın principli kásip iyesi dárejesinde tárbiyalaw degendi ańlatadı.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoevtiń 2017-jıl 7-fevral kúngi «Ózbekstan Respublikasın jáne de rawajlandırıw boyınsha Háreketler strategiyası haqqında»ǵı PF-4947-sanlı Pármanı, 2017-jıl 5-iyuldegi «Jaslarǵa baylanıslı mámleketlik siyasattıń sapalılıǵın arttırıw hám Ózbekstan Jaslar awqamı xızmetlerin qollap-quwatlaw haqqında»ǵı PF-5106 sanlı Pármanı hám 2017-jıl 28-iyuldegi «Ruwxıy-aǵartıwshılıq jumıslarınıń sapalılıǵın arttırıw hám tarawdı rawajlandırıwdı jańa basqıshqa kóteriw haqqında»ǵı PK-3160 sanlı qararı menen basqa da basshılıqqa alınatuǵın huquqıy hújjetlerde belgilengen wazıypalar usı ortalıqtaǵı jumıslardı izbe-izlik penen ámelge asırıw islerin jedellestiriwge túrtki bolatuǵın, házirgi kúnniń eń baslı wazıypalarınan birine aynaldı.

Usı párman hám qararlarda kórsetilgen wazıypalardı inabatlı túrde ámelge asırıw arqalı dúnya bilimlendiriw talaplarına muwapıq shet elli kásiplesleri menen básekige belsene túse alatuǵın, miynet bazarında ótimli, básekeli ortalıqta jetik bilimli oqıwshılardı tayarlaw kún tártibine bas másele etip qoyıldı. Bul proceste zaman talabına sáykes joqarı sapada tayarlanǵan, ruwxı bálent, keleshektegi belgili bir kásiptiń iyesi bolǵan mektep oqıwshıların baslawısh mektepte oqıw dáwirlerinen baslap kitap oqıwǵa qızıqtırıw isleri oǵada áhmiyetli dep túsinildi.

Ózbekstan Respublikası Prezidenti Sh.M.Mirziyoevtiń 2017-jıl 12-yanvar' kúngi «Kitap ónimlerin basıp shıǵarıw hám tarqatıw sistemasın rawajlandırıw, kitap oqıwdı hám kitapqumarlıq mádeniyatın arttırıw jáne úgit-násiyatlaw haqqında» biyligi, F-4789-sanlı Pármanı elimizde umıtılıp baratırǵan kitap oqıw mádeniyatın qaytadan qálpine keltiriw islerine unamlı tásir jasadı. Xalqımız bul sawap isti qolǵa alǵan Húrmetli Prezidentimizge sheksiz minnetdar boldı.

Usı biylikke baylanıslı respublikamızda eki jıldan berli kitap oqıwshılardıń konkursı bolıp, jeńimpazǵa hár jılı «SPARK» avtomashinası berilip, sherek ásirden ziyat waqıt ishinde kitap oqıwdan qashıqlasıp ketkenlerdi qaytadan kitapqa qızıqtırıw dáwiri baslandı. Ásirese, 2018-jılǵı kitap oqıwshılar konkursınıń jeńimpazı, Qaraqalpaqstannan jarısqa barıp «SPARK» mingen Nursulıwdıń tabısları mektep oqıwshılarında, ásirese baslawısh klass oqıwshılarında kitap oqıwǵa bolǵan háwesti oyata basladı.